

LETTERHEAD

Chè manm nan kominote **SCHOOL**:

Nan lèt sa a w ap jwenn enfòmasyon sou kilè elèv ak estaf ka retounen lekòl apre yo fin gen sentòm COVID-19. Gid sa a gen ladan ekspètiz Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (Department of Health & Mental Hygiene, DOHMH), Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) ak NYC Test & Trace Corps (T2).

Kilè ou ka retounen nan bilding lekòl la san danje?

Tout **elèv** ki teste pozitif pou COVID-19 ka retounen lekòl sèlman apre:

- Li fin izole pou 10 jou EPI
- Li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san itilize medikaman EPI
- Li santi sentòm yo amelyore anjeneral

Tout **manm estaf lekòl ki konplètman vaksinen** ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki pa gen okenn sentòm oswa ki gen ti sentòm tou piti ka retounen lekòl la apre:

- Li fin izole pou 5 jou EPI
- Li pa gen lafyèv pandan 72 èdtan san itilize medikaman EPI
- Li santi sentòm yo amelyore epi nen li p ap koule ni li pa gen yon tous sou lestomak li.
- Manm estaf lekòl la k ap retounen apre 5 jou dwe mete yon bon jan kalite mas (tankou KN95) jiska 10zyèm jou. Lekòl yo ap ofri mas KN95 bay manm estaf lekòl la ki bezwen yo.
- Tanpri sonje: Yon moun ka kontinye resevwa yon rezilta tè COVID-19 pozitif pou jiska twa mwa menmsi li pa ka transmèt maladi a bay lòt moun ankò.

Si yon **elèv oswa manm estaf lekòl la** te gen sentòm men teste negatif pou COVID-19, li ka retounen lekòl sèlman apre:

- Li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san itilize medikaman EPI
- Sentòm yo anjeneral ap amelyore.

Si yon **elèv oswa manm estaf lekòl la** pa t fè tè pou COVID-19 men li te gen sentòm, li ka retounen lekòl la apre:

- Omwen 10 jou pase depi sentòm yo te kòmanse EPI
- Li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san itilize medikaman EPI
- Sentòm yo anjeneral ap amelyore.

Kou sentòm ou yo pase, ale vaksinen.

Pran vaksen se zouti ki pi enpòtan pou pwoteje nou kont COVID-19. Tout Nouyòkè ki gen laj 5 ane oswa plis elijib pou pran vaksen pou COVID-19. Moun ki gen laj ant 5 ak 17 ane elijib pou vaksen Pfizer a sèlman; tout laj ki pi wo yo elijib pou tout twa vaksen yo. Jwenn yon lokal vaksinasyon jodi a nan vaccinefinder.nyc.gov. Vaksen an gratis.

Dòz ranfòsman vaksen yo (booster) disponib kounye a pou tout moun ki gen omwen laj 12 ane epi ki konplètman vaksinen. Vaksen sa yo ranfòse iminite w apre premye seri vaksen yo. Yo rekòmande dòz ranfòsman vaksen pou tout adilt ki te resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer a omwen senk dènye mwa

yo, dezyèm dòz vaksen Moderna omwen 6 dènye mwa yo, oswa yon dòz vaksen Johnson & Johnson omwen de dènye mwa pase yo.

Apati 27 septanm 2021, yo mande tout anplwaye DOE, ansanm avèk kontraktè DOE/Vil la nan bilding DOE, pou bay prèv yo resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19. Yo atann pou tout moun pran dezyèm dòz la nan 45 jou apre premye dòz la pou rete konfòm, dapre lòd Komisè Sante a. Ou dwe bay prèv vaksinasyon atravè [DOE's Vaccination Portal](#) la.

Kòman mwen ka rete enfòmè?

Pou ede moun Nouyòk ale nan karantèn, NYC Test + Trace Corps mete tèt ansanm avèk kominote ak òganizasyon kominotè yo pou konekte moun yo avèk resous tankou manje, medikaman ak swen sante. Pou konekte avèk resous, ou ka telefone 1-212-COVID19 (212-268-4319).

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19, ale sou schools.nyc.gov/coronavirus oswa telefone 311.

Mèsi pou kowoperasyon w. Sante ak sekirite ap toujou vini an premye nan lekòl leta Vil Nouyòk, kèlkeswa kondisyon an.

Avèk senserite,

PRINCIPAL